

APLIKASYON POU PWOGRAM S.P.O.T. LA

Non _____

Adrès _____

Vil _____ Eta _____ Zipkòd _____

Telefòn Lakay ou _____ Telefòn Travay ou _____

Selilè _____ Nimewo Lisan ou ak Eta _____

Non Bèt la	Chyen/Chat	Ras	Sèks	Laj	Koulè
_____	_____	_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	_____	_____

Enfòmasyon sou fanmi an: Kantite granmoun ak/oswa timoun nan kay la _____

Kantite lajan fanmi an fè (anvan yo pran taks) \$ _____

FÒK OU BAY PRÈV KANTITE LAJAN FANMI AN FÈ AK KOTE LI RETE

Tache yon kopi souch pewòl ou oswa chèk ou pou yon mwa. Tache kopi youn nan sa yo kòm prèv ou rete nan adrès ou bay anlè a: resi plak idantifikasyon bèt la, bòdwo depans pou kay la (kouran, telefòn, dlo, etc.), bòdwo taks, oswa lisans. Mwen sètifye enfòmasyon mwen bay anlè a vre epi korèk, nan limit sa mwen konnen. Mwen dakò pou mwen divilge, peye endamnite, epi pou m pa pote traka bay Konte Broward la ak ofisyè, ajan, ak anplwaye li yo ak ankenn revandikasyon, demann, dwa, jijman, oswa depans ki vin fèt poutèt nenpòt ak tout domaj, revandikasyon oswa aksyon (mwen konnen oswa mwen pa konnen) ki gen dwa genyen apre chiriji sterilizasyon bèt mwen an/yo fin fèt. Epi tou, Konte Broward la pa p responsab pou ankenn lajan an plis ki gen pou wè ak bon an, apa de valè bon sa a genyen an. Mwen konprann veterinè yo mande yon seri de vaksen byen espesifik anvan sterilizasyon an, epi se responsab pou mwen pou mwen suiv kondisyon sa yo. Gen dwa gen lajan an plis ki pou peye pou senten chiriji ki pa fèt tout tan. Chiriji ki pa fèt tout tan enkli bèt ki gwòs, bèt ki an chalè, enfeksyon, testikil ki pa desann, fo gwòs, obezite; oswa femèl ki te fè pitit deja. Se responsab mèt bèt la pou li peye nenpòt ki lajan anplis yo mande li pou sèvis oswa tretman ki pa fè pati chiriji bon an peye pou li a. Konplikasyon pandan oswa apre chiriji a poutèt kondisyon ki pa t dyagnostike anba responsab mèt bèt la. Veterinè a gen dwa deside si l ap sterilize bèt la ou pa. Si bèt la twò malad oswa li gen lòt pwoblèm medikal, veterinè a gen dwa refize fè chiriji a. Mwen sètifye bèt mwen pral fè yo sterilize a rete nan Konte Broward la.

Siyati (Nou pa p pran an konsiderasyon aplikasyon ki pa siyen)

Dat

Tanpri ranpli epi siyen aplikasyon an. Apre sa, voye aplikasyon an pa lapòs avèk yon prèv kantite lajan ou fè ak kote ou rete, ansanm ak yon anvlòp tenbre ki gen adrès ou sou li. Voye tout dokiman sa yo bay S.P.O.T. Program, Broward County Animal Care and Regulation Division, 1870 Southwest 39th Street, Fort Lauderdale, FL 33315 3595 oswa voye yon faks nan 954-359-1349.

Si ou gen keksyon, rele Kowòdinatè Pwogram S.P.O.T. Swen Zannimo yo (Animal Care's S.P.O.T. Program) nan 954-359-2231. W ap resevwa yon lèt k ap di ou si ou kalifye oswa si ou pa kalifye. Si ou kalifye, w ap resevwa yon bon pou chak bèt ak yon lis veterinè k ap patisipe nan pwogram sa a. Ou dwe rele youn nan veterinè k ap patisipe nan pwogram sa a pou pran yon randevou pou chiriji a. Sonje pote bon an ak \$10 kontribisyon pa w lè chiriji a.

Apre chiriji a, Swen Zannimo (Animal Care) ap voye plak idantifikasyon bèt la pou ou pa lapòs.

Asosyasyon Medikal Veterinè Konte Broward (Broward County Veterinary Medical Association) – Inite Ispanik (Hispanic Unity) – Lig Iben Konte Broward (Urban League of Broward County) apwouve aplikasyon sila a.